



Subject: Byenveni nan admisyon otòn 2024!

Chè fanmi,

Byenveni nan ane lekòl 2023-2024 la! Nou espere ou te pase yon bon ete ak yon kòmansman ane lekòl ki agreyab.

Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) jere pwosesis admisyon ak enskripsyon pou tout lekòl ak pwogram leta 3-K rive 12yèm ane Vil Nouyòk Kontinye li pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis admisyon pitit ou a ka patisipe ane sa a:

Lekòl Segondè: Elèv ki nan klas 8yèm ane kounye a ak elèv k ap fè klas 9yèm ane pou premye fwa ka aplike. Aplikasyon lekòl segondè a ap ouvri **3 oktòb!** Gen plis enfòmasyon sou [sitwèb admisyon lekòl segondè](#) a.

Lekòl Presegondè: Elèv ki nan klas 5yèm ane kounye a ta dwe aplike. Aplikasyon lekòl presegondè a ap ouvri **11 oktòb!** Gen plis enfòmasyon sou [sitwèb admisyon lekòl presegondè](#) a.

Kindergarten: Timoun ki fèt an 2019 ka aplike. Aplikasyon kindergarten lan ap ouvri **5 desanm**. Fanmi genyen tou opsyon pou mete pwogram elèv douwe ki gen talan (Gifted & Talented, G&T) ak pwogram an de lang (Dual Language, DL) sou aplikasyon yo. Gen plis enfòmasyon sou [sitwèb admisyon kindergarten](#) lan.

3-K ak Pre-K: Timoun ki fèt an 2020 (pre-K) ak timoun ki fèt an 2021 (3-K) pral elijib pou aplike. Toude aplikasyon yo pral ouvri **10 janvye**. Gen plis enfòmasyon sou [sitwèb admisyon pre-K](#) a ak sou [sitwèb admisyon 3-K](#) a.

Gifted & Talented (Klas 1ye-4yèm ane): Yo detèmine elijiblite dapre nòt ki nan kanè. Pral gen plis enfòmasyon disponib nan prentan an. Asire w mete non w sou lis pou resevwa mizajou yo [la a](#).

Rele nou pou plis mizajou pandan n ap rapwoche pi pre chak peryòd aplikasyon. Pandan tan sa a, asire w mete non w pou resevwa imèl pou pwosesis ki kòrèk la [la a](#). Pi ba a w ap jwenn adrès imèl ou ka kontakte yo pou jwenn sipò!

- Pou jwenn èd avèk admisyon nan lekòl segondè, tanpri voye yon imèl nan HSEnrollment@schools.nyc.gov
- Pou jwenn èd avèk admisyon nan lekòl presegondè, tanpri voye yon imèl nan MSEnrollment@schools.nyc.gov
- Pou jwenn èd avèk admisyon nan kindergarten, Gifted & Talented, Pre-K & 3-K, tanpri voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan (718) 935-2009. Nou kontan anpil pou ede w ane sa a pandan w ap aplike lekòl!

Bòn chans,

Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis la.